

Kisa Xylazine ye?

Xylazine, plis moun konnen sou non “tranq (trank)”, se yon medikaman veterinè yo itilize pou detann oswa bay bèt yo kalman. Se pa yon opyoyid. Yo te jwenn Xylazine nan apwovizyonman medikaman Vil New York (New York City, NYC), prèske toujou ansanm ak fentanyl (yon opyoyid sentetik ki fò anpil).




Ki efè segondè xylazine?

Xylazine ka lakòz tèt lou, pa gen reyaksyon, tansyon ba, ralantisman batman kè ak respirasyon ki diminye.



Èske yo apwouve xylazine pou moun?

Non. Administrasyon Aliman ak Medikaman te apwouve Xylazine sèlman pou itilize sou bèt.



Ki lòt kote yo te jwenn xylazine?

Yo te jwenn Xylazine nan apwovizyonman medikaman nan plizyè Eta Ozetazini ak Pòtoriko.




Èske anjeneral yo jwenn xylazine poukont li oswa ak lòt medikaman?

Nan NYC, yo te sèlman jwenn xylazine nan medikaman ki genyen fentanyl tou.




Poukisa yo souvan jwenn xylazine ak fentanyl?

Efè fentanyl pa dire menm jan ak sa ki soti nan lòt opyoyid yo (tankou ewoyin). Yo ka ajoute xylazine nan fentanyl pou ogmante konbyen tan efè yo dire. Pifò moun pa konnen si xylazine nan medikaman yo.



Èske ou ka fè yon òvèdòz ak xylazine?

Wi. Gwo dòz xylazine ka lakòz kalman ekstrèm, vitès batman kè ralanti, oswa respirasyon ralanti oswa ki kanpe.



Èske naloxone mache sou xylazine?

Xylazine pa yon opyoyid, kidonk naloxone pa chanje efè li yo. Sepandan, yo toujou prèske jwenn xylazine nan opyoyid — si w panse yon moun ap fè yon òvèdòz, ba li naloxone epi rele **911**. Naloxone pral chanje efè opyoyid yo, menm si moun nan rete sou kalman akòz xylazine la.



Kisa k ap pase si yon moun te itilize xylazine epi li te resevwa naloxone pou yon òvèdòz opyoyid?

Moun nan ka kòmanse respire ankò men li toujou sou kalman ak xylazine. Si moun nan ap respire, mete li nan pozisyon sekou (kouche sou bò li) epi tann sekou yo rive. Si ou gen yon oksimèt pou kontwole batman kè, sèvi ak li pou kontwole nivo oksijèn moun nan.



Ki lòt efè xylazine genyen?

Moun ki itilize xylazine regilyèman ka devlope maladi ilsè ak absè po ki grav, menm si yo pa ba yo xylazine (pa egzanp, si yo fimen oswa rale li nan nen). Blesi sou po akòz itilizasyon xylazine ka vin pi mal pi vit epi pran plis tan pou geri pase lòt blesi sou po.



Èske moun ki pran xylazine ka sevre?

Wi. Moun ki itilize xylazine regilyèman gen risk pou yo sevre. Sentòm yo se move imè, anksyete, sansasyon malèz, batman kè rapid ak tansyon wo.



Èske gen yon fason pou teste medikaman pou wè si yo gen xylazine?

Moun yo ka kontakte epi vizite pwogram sèvis sereng ki annapre yo pou teste medikaman yo pou wè si yo gen xylazine epi pou yo jwenn sèvis pou rediksyon domaj:

- **OnPoint NYC:** Ale sou onpointnyc.org oswa rele 212-828-8464.
- **St. Ann's Corner of Harm Reduction:** Ale sou sachr.org oswa rele nan 718-585-5544.
- **Housing Works:** Ale sou housingworks.org oswa rele nan 347-473-7400.
- **VOCAL-NY:** Ale sou vocal-ny.org oswa rele nan 718-802-9540.

Moun ka kòmande bann tès xylazine sou entènèt nan men fabrikan yo pou itilizasyon pèsònèl.



Kijan moun ka diminye risk domaj akòz xylazine?

Si w konnen oswa panse medikaman w yo genyen xylazine:

- Evite sèvi ak yo, espesyalman poukont ou oswa nan yon kote ki ta ka danjere pou w rete enkonnyan pandan yon peryòd ki long.
- Pote yo nan yon sant prevansyon kont òvèdòz pou itilize anba sipèvizyon.

Si ou gen blesi sou po, lè w sispann sèvi ak xylazine sa ka ede yo geri. Si w gen blesi sou po ki pa amelyore oswa ki pa geri, pale ak pwofesyonèl swen sante w la. Pou w jwenn èd pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante, rele **311** oswa 844-692-4692.